

# PARTICIPACIÓ A L'ORIGEN

**NAKA LANUY**
**BOOLÉ XALAATU NIT,**
**AND WUTÉ COSAAN,**
**CA MBËBËT GA,**
**NGIR UBBI YÉSSAL**
**CI NJÀNG MI.**

**Gëstu yi ci aduna, fànaralna ne boolé njàboot yi ci njàng mi mëness ne indi yokkute ci njàngum ndongo gi ci diir bi nekk ci daara ji, tamit yëk njàboot dina am sóolo ci ndogàl yi niiy Jël, rawatina ci daaray yi sufe yi ak yi ci digg.**

Been ci yoon yi niiy duggële njàboot yi ci daara ji mooy fexe ba nu bokk ci niiy yëηu ci mbootayi njàng mi. Wante nak, Amna ak ñaak yu yoon ak askan bi tekk, ba duggël njàboot yi du yomb, rawatini ci njàbootu yeneen xétt yi ak doxondem yi.

Ci walu AFFAC, boolé njàboot yi mooy xàabi di ubbi cóopite y am ci askan wi. Lolu mo waral nu am mbëbetu bi boolé ci mbootay gi wajuuri ndongo yi doxàandem.

Li wundu *Participació a l'Origen* (Bokk Ci Njëlbeen Ga) njangat bi niiy deff, mooy xam ci seen coosaan, naka laniiy boole njàboot yi ak yan njangat mo ci am, ci ni ñeent yi mboolent yi: wa Marok, wa Rumaniya, wa Pakista ak wa Senegaal —daaray Kataluña, ak wuute



yi mu am ak yu Kataluña, ngir yokk jàppale mbootay wajuuri ndongo yi ci xoolinu and oole boole ay aada, te di xéx boodi xétt, ci bopp bu intercultural ak antiraciste.

Njangat gi ci ñaari jumtuwaay la wérru: bi di xaayma giis giis yi, ci lóolu dina nu soxla mboolent yoyu ci saytu bi. Nu wëy di leen fëssël ñaak yi bokk gi ak yoon yi nu yàkaar ne mën na yomball duggal ak bolé njàboot ti doxandeem yi ci daaray.

# ÑAAK YI CI TOLLUWAAY NJÀNG MI CI BOKK NJÀBOOTI DOXAANDEM YI

## 1. Ñakk bi jëkk di lakk wi

Ñakka degg lakku dëkk bi la téeru, mën njur njaxaare ci njàboot yi, dina jàfél seen bokk ci daara ji, tamit yombal boo di gi.

Tamit, fI ci kataluña li ko yokk mooy, naari lakk no fi am. li nuy def bi ci jëkk mooy fexe ba njàboot gi jàngi katala ndax mooy bi nuy jëfandiko ci daara yi; bi ci top di kasteya ndax di nañ ko soxla ci jokko bi ak askan wi,ak soxla yi niiy ak gornama yi deme ni peermi dawal, ak wutuk bokk ci doomu reewu Españ yi. waral jiital ci taan cilakk bi bi ciiy jëk.



## 2. Bi jëkk mooy fàcc soxla yi mënul ñaak ak aar sa bopp

Njàboot yi bala noo dugg ci mbootay yi njàng mi, da niiy sóotil soxla yi jàmpë ngiir seen dund fi ci Kataluña demani ligeey bu wér, dëkkuwaay, ak kayit bi la maay nga nekk ci dëkk bi.




## 3. Fi mu tollu ci njàng mi amna ci sóolo

Njàboot yi nga xamne wajuur yi am nan njàng mu sóori, daniiy faral di bokk bu baax ci daara yi, seen doomi yi nekk, ndax xam naan, am naan ay pexe ci ni niiy jàppale xaleyi ak waxabaane yi.

Tamit, lu tolluwaayu ci njàng mi da am solo ci giis giis yi njàboot yi am ci doxallin njàng mi ak yar gi.

## 4. Boddi xett day loor bokk gi

Boddi xett, day dal ci kaw doxàandem ci lu ne fës, ba ci lu nu fënëti, wékkë ci meliinu dér, fi mu coosaano, ba ci diinem ba ci fi ko askan fi féttale. Boddi yi nak, dina naan ko giis tamit ci biir mbotaay njàng mi. Masaalan, dina naan layal ne: wànnñeko bi ci njàng mi te seytu bi PISA firndele jiin nañ ko doomi doxaandem yi —ndam sax njàngat yi weddi naan ko— ba nu indi seen ñaaka and ci doomi jullit yi ci islaam di woor ci weru ramadaan.




Boddi yi nu giis ci njàng mi day indi ñaaka wolote ci nit ni, ba juur diis ci boloo njaboot yi ci daara yi.

## 5. Ñaaka xam wuté aada yi

Neen ni ci jàngalekat yi, am nanu ñorte gu ñaaw ci ni ndongo yi di doomi doxaandem yi di lëkkëlo ak seeni jikko, te yu ci baari cosaan ak diine waral ko. Masalaan amna ay xett yo xamne xol jàngalekat ne ko jàkk ak say gëtt: ñaaka worma, du ñaaka yëkk.


Ñaaka xam bi jàngalekat yi am, ak njittu daara ci cosaanu ndongo yi ñaak la ci jokko bi.




# 6. Yëkkle yi du sasu ne lay Aksi

Njàboot yu bari nu gi nàxtu ne keen du leen xamal ni njàng mi di doxe fi ci Kataluña, ci daara ji, ba si seen doomi yi ni niiy njàngé. Setlu nan ne jootayu ndajé danu neew, te waaref yi baari, lolu taax ba bëg bëg njàboot yëpp dunu ko waxtaane.

Li gëna mettí, ndax yëkle nu ngi kay jarale ci xarala yi ni ci intéernet, xalaatun ne du njàboot yëpp no kay jëfandiko.






# 7. Jàfe jàfe boole kër gi ak ligeey bi ñaaka am nu la dimbali

Yaan bi ci ligeeyi, bëssu ligeey yi gudda yi, te bërëbu ligeey yu amul been woyofal taax nan be joot du baari ngir mën di bokk ci jootayi yi yoon tëral ak yiiy am ci coobaré nit ni, di am ci daara ji, déméni ndaje yi ak jàngalekat yi, xew xew yi, mboolo ndengané ligeey yu mbotaayu wajuur yi amal, ak yeneen ak yeneen

Yokk ci nak, Njàbooti doxaandem yi amoon naan ci seen reew nu leen di Jàppale, fi nak lolu neewna fi, ba sax amu fi. Ñaak ku la jàppale ci say doom day yokk jafe jafe mëna boole ligeey ak seytu xaleyi.







# PEXE NGIR DUGAL BOOLE NJÀBOOTI DOXAANDEM YI CI BIIRMI

Ci Sàaba bu bëpp nit bi bokk ci mbotaayi askan wi bi di seytu njàng mi, mooy caabi biiy yombal ba njabooti doxaandem yi ak yeen xeet bokk ci mboolo askan wowu, waante sàabab bi danu ko wara tekk ci sopi **pexe dalal njàbooti doxaandem yi di sooga aksi**.

Pexe mi danu ko wara firndel ca nii nu yóoré tëraliin nu njàng mi ci Kataluña, tamit mu juddu ci tëgg bu nu amal ak mboolent nu doxaandem ak yëηu yi am ci paacc bu ne ci jàng mi, te ni ko def juggé fu ne.

Gënoon nak, ni nu ndeηë njàng guηé daara yi ci jumtukaay ak kom ngir pexe mi antu yémbal bëg bëg yi ak li am ci daara yi.

Yooni yi judde ci xoolin bi ci aFFac am ci ni ëmb njàng mi yi la.

# 1. Njàboot ti doxaandem at yeneen xett yi

- Moytu yamale askanu doxaanden yëp, danu wara set ci wutté gi am ci seen biir.

- Am yëg yëg ak xamel ne lu jot yomb. Njàbooti waay doxaandem day niiy fàcc seeni soxla ba mu wàcc leen nuy dor di mën bokk ci bërëp yi ci daara ji.

- Ñaax njabooti doxaandem nu wax seeni bëg bëg ak seeni ñaaxtu, te jàpp ne yoon wi soxla na jottam la.

- Féxéel ba mboolent ni doxaandem bokk ci bërép yi di téewal daara ji.

- Duggal nit ni book mboolent ni doxaandem ngir nu nek ñu nu njàboot yi ak ndongo yu bés yi naaw ci daara yi, rawatina sasu waxtu leeral tëralin nu njàng mi, ay jeegoom, ak diiru tollu ci jéegi jéego.



- Yombalal mboolent ni doxaandem nu and di waxtaane ni nu bëggé bokk ci kataluña.

- Def ay lëkkaloo ak doxaandeem, nii nga xamne jéem naan bokk ci mbotaayu wajuur yi ci waalu njàng, ni seen doom yi di jàng, te xam naan ci tutti.

## 2. Daara ji ak ni koy jiité

- Ligeey xeex boddi, lëkkëlo aada ci daara yi, tei jaareko ci jàngal nit ni di nekk ak ndongo yi njàbooti doxaandeem, xam fi nu tollu ak lu xéw.

- Yékkëti ay xew xewu aada ak njàng, yuy boolé njàboot yi te cërël leen ni ay ndaaw, ci bës yi nuy bokk di jàng.

- Tàlal ay pexe ngir njàboot yi jégéñente, te tékko ci seeni bëg bëg ak seen tolluway ci feneen fu dul daara ji.

- Ameel ay waxtaan ci ubbiti daara yi ak ci tëcc bi, ngir boole giis giis yi, ak lan lanu mëna defaal daara ji, lan mooy yéene njàboot yi ci njàng mi.

- Woyofal Ndaje waxtaan yi ak niiy jiite daara ji ngir wajuur mën téew.

- Ligeey baax ak ndongo yi, te tekk ko ji xeex bodi ak lëkkëlo aada yi ak aar jigeen yi. xam nak ne du doon yoon bu yomb ci doomu doxaandem yi, ba bu yeneen ni xeet yi.

- Féxéel ak jokko bi di am ak bérëbu yiiy doolel njàng mi. Ma nam jàppale ci njàng mi, ci dëffël ci daara digg bi ci ndongo bi soggà aksi. Ci jàppale gi jàngalekat danu wara bokk ci nu koy tëgg.

- Siiwal Bëssi yi di sargaal aada yi, ak diine ci askaan yëpp yi am ci daara ji, te tamit amal xew xew yu leeral yeneen ndongo yi.

- Boolé yeneen mbotaay ak mboolo dëkkëndo yi ngir yombal dugg njàbooti doxaandem yi.



# 3. Jàngalekat yi

- Taggàt jàngalekat yi ci tolluwayu njàng mi ak aada yi ndongo yi ngir mëna ligeey deefin yi loore yi ni tékk ci déeru ndongo yi bokk ci yeneen xett ak doxaandem yi.

- Yokk wutte xett ci jàngalekat yi, duggàl ak jàngalekat yu sosso ci yeneen cosaan. Li tax ba ngur gi da wara tékk ay pexe ak wareef yu kay wëyal.

- Fëewal amal ay Njàatigi sa suni bëggé jéggé njàboot yi ay doom yi bokk màassu ci daara ji, ca ubbité, te woone jéggé nak, jotal ak dégglu.

- Di amal ay waxtaan ak ay topa ak njàttigi yi, ak njàboot yi ci diir ak waxtu yu and ak woyeef. Ndaje waxtaan yi da nu war di aartu xew xew yi, te moytu di bërëb yuy faay coow: Ma naam di siiwal takk yi ngir moytu jafe jafe yi mëna loor ndongi ci seen jàng.

- Ñaax, guŋé ndongo yi: Guŋé ak ñaax bi jàngalekat, day yokko wooluwante bi di am ak njàboot yi.

# 4. AFA ak Njàboot yi

- Bokk xalaat ci biir AFA, ngir sépi loor yi ak ñakka yémele yi jàklel njàboti doxaandem yi.
- Moytu taxawaayu sopila nit ki —ma naam jàpp ne nit ki dafa wara sopaliko ba ngir bokk ci reew mi ko fàat— té am taxawayu wékk wuté gi am ci aada yi.
- Xamne bokk gi day dox, di tambalí ci boolé ci biir yu tutti ba di màggà.
- Duggal nit ni joggé ci yeneen cosaan.
- And ak ligeeykatu njàng mi, te nu wute cosaan bu ka sàako.
- Wër ay pexe ci AFA ngir moytu yeen njàboot yi déggul lakk bi jëfandiko bàñña bokk.
- Wër ay pexe yu nuy jéegél ak njàbooti doxaandem, di leen di ñaax nu bokk, ci ni ko giise.



- Tambaali jokko ak njàbooti doxaandem yi, ak leeral tëraliin nu njàng mi fi ci Kataluña, ak lu tax AFA am njàriñ ci jamono ji.

- Ubbi ay bërëb yu woor ngir njàbooti doxaandem mën di wax seeni bëg bëg ak njaxaaré.


- AFA da fa wara amal ay xew xew yu and ak bëg bëg ak njàrinu njàboot yëpp. Ngir xam lolu day Jaar nu def càytu jaaereko ci kaytu làcc ak ndajé yi.



- Naŋu cosaan yu wutté yi ngir féxéel wéggenté ci bërëb yi nékkul ci biir daara yi deméni ci xumbal yi, lekkuwaay ci biir daara ji, ak Atéelye yi.

- Gëddal waxtaan bu léer ak njàboot ji waxtu bu taxaw ci jàng bi di boolé góor ak jigeen, tekk ci wutté gi am ci diine yi, rax ci dooli ci pàcc yi yiiy ci wallu sëyyanté.





## 5. Lakk ay lëkkëlo aada

- Wutt ay pexe yiiy ñaax njàboot yi nu jàng lakk bi niiy jëffandiko.

- Am ay nit yuy yombal lëkkëlo aada yi yo xamne gànaw tekki lakk, xam naan ni nu y lérrale aada gi, te xam tolof tolof yi.

- Fexe ba nit ni yombal lëkkëlo aada yi, am ligeey bu woor. Ndax noom no wara ligeey ak jàngalekaat yi ngir seeni jókkolo, ak seen lëkkëlo ak njàboot mën yomb ca ubbité teggi.

- Siiwal bërëb yi yi niiy jàngé lakk yi. Demeni Pàcc gi di waral lakk yi yémb.

- Yombal njàngum lakk bi niiy jëffandiko ci anaam guy fexe njàbooti doxaandem mën ci jot ci biir daara ji.

- Am ay téere yu tekki ci katala, baat yi yi ne ci lakku doxaandem yi ne ci daara ji.

- Guŋe leen, ak mëttël seen dugg ci lakk bi di Katala xamne moom la ndongo bi sogga dugg di mën ci jànge bua mul been tolof tolof.

- May xaleyi yi nu mokal lakk wi ci ab diir ngir mën ko duggal seen bop, ba du leen bayi giinaaw.

Mën nga jàng téeré jàngat bi yëpp fii affac.cat

Ak jàppalek Departament d’Igualtat i Feminismes

Generalitat de Catalunya

aFFaC

ASSOCIACIONS FEDERADES DE FAMÍLIES D’ALUMNES DE CATALUNYA





**Jokkog ak nu:** Carrer de Cartagena, 245 àtic. 08025, Barcelona +34 934 35 76 86

affac@affac.cat **Tópp nu:** /affac.cat @affac.cat @affac_cat /affac